

ÈSKE W TE KONNEN?

Se Depatman Transpò Eta Florid (FDOT) ki ap jere pwojè a gras a teknoloji epi ak yon ekip anplwaye devwe k ap travay 24 sou 24. Road Rangers ak Florida Highway Patrol (FHP) ap siveye liy esprès yo pou minimize enpak ensidan ki rive nan sikilasyon yo epi pou yo ankouraje tout chofè kondi ak prekosyon sou I-95. Objektif 95 Express la se fè sikilasyon avanse san danje san pwoblèm sou gran wout Interstate 95 la.

- 95 Express ouvè 24 sou 24, 7 jou pa semèn.
- Sa ki separe liy esprès yo avèk liy tout moun itilize yo se de liy blan ak yon baraj ki fèt ak ti poto plastik.
- Yo touche kòb tòn yo elektwonikman gras a ti aparèy transmisyon radyo SunPass nan machin yo.
- Pri tòn yo afiche sou ansèy mesaj elektwonik anvan antre liy esprès yo. Pri tòn yo varye selon degre blokis yo pou jere machin ki bezwen monte sou wout la e ankouraje sikilasyon an avanse lib e libè.
- Limit vitès sou 95 Express la se 55 MPH (55 mil a lè) sou tout wout 95 Express la.
- Otobis ak machin ki gen 3 moun oswa plis ki prale nan travay ansanm e ki enskri nan biwo South Florida Commuter Services (SFCS) kapab itilize liy esprès yo san yo pa peye tòn. Pou w enskri oubyen pou pran ransèyman sou pwogram sa a, tanpri kontakte SFCS nan nimewo **1.800.234.RIDE**.

3 Sa pou n fè ak Sa pou n pa fè Sou 95 Express

Sa pou n fè

- Planifye depi davans
- Antre epi soti kote ki fèt pou sa sèlman
- Veye jan w ap kondi epi pote atansyon a ansèy yo

Sa pou n pa fè

- Pa trese antre soti nan liy esprès yo
- Pa fè vitès
- Pa antre lè liy yo FÈMEN

Pou ki sa liy esprès yo fèmen pafwa?

- Lè gen ensidan sikilasyon ki afekte liy yo
- Lè y ap fè antretyen wout la




Veye jan w ap kondi...Kondi ak prekosyon

- Tanpri itilize kote ki fèt pou antre ak soti.
- Si w antre nan liy espès la pa aksidan, ret kè kal, kontinye kondi jouk ou rive nan pwochen pwen soti ki disponib la.
- Sa ILEGAL pou moun pase machin yo antre soti nan mitan ti poto plastik liy espès yo. Chofè ki fè sa, yo ka fè yo peye yon amann jiska \$179 e yo ka pèdi jiska 4 pwen sou lisans yo.
- Veye jan w ap kondi, pote atansyon a tout avètisman, tout ansèy, tout tras ki sou beton an, ak tout ansèy limit vitès.
- Si pandan w nan liy espès yo ou fè aksidan oubyen machin ou pran pàn, mete w sou kote nan pati ki fèt pou machin kanpe nan ka ijans sou bò gòch la epi rele *FHP (*347) nan telefòn pòtab ou. Rete nan machin ou epi tann yo vin ede w.

Jan pou machin antre nan direksyon sid 95 Express

Direksyon sid 95 Express gen twa antre


- Tousuit apre Ives Dairy Road
- Nan pakin Golden Glades Park & Ride la
- Apre Golden Glades Interchange nan NW 151 Street



Jan pou machin kite direksyon nò 95 Express

Direksyon nò 95 Express gen twa soti

- Anvan Golden Glades Flyover nan NW 151 Street (pou machin al pran SR 826 ak Florida's Turnpike)
- Kote ki al nan pakin Golden Glades Park & Ride la
- Tousuit apre Ives Dairy Road



Jan pou machin kite 95 Express nan direksyon sid Direksyon sid

95 Express gen twa soti

- Apre Miami Gardens Drive (pou machin al pran SR 826 ak Florida's Turnpike)
- Nan direksyon lwès sou wout SR 112/Airport Expressway

Jan pou machin antre nan direksyon nò 95 Express

Direksyon nò 95 Express gen kat antre

- Nan direksyon nò I-95 apre SR 836
- Nan direksyon lès SR 112/Airport Expressway
- NW 10 Avenue
- Apre wout anlè Golden Glades Flyover a